# ЛИРИКАЛЫҚ ШЫГАРМА ҚУРЫЛЫСЫНДА БАСЛАЎ БӨЛИМИИИҢ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ

**Тлеуниязова Г. Б.**
*Өз РИА Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

**Аннотация:** Бул мақалада лирикалық шығарма структурасында қосықтың баслаў бөлиминиң көркемлик хызметлери ҳаққында сөз етиледи. Баслаў бөлиминиң риторикалық баслаў, сораў баслаў, үндеў баслаў ҳәм ўазыйпалары қарақалпақ шайырларының шығармалары мысалында анализ етилген.

**Гилт сөзлер:** лирикалық шығарма структурасы, риторикалық баслаў, сораў баслаў, үндеў баслаў.

**Аннотация:** В данной статье ғоворится о художественных функңиях зачина в стихотворении в структуре лирическоғо произведения. Риторический зачин, вопросительный зачин, восклиңательный зачин и функңии зачин анализируются на примере произведений каракалпакских поэтов.

**Ключевые слова:** лирическая структура, риторический зачин, вопросительный зачин, восклиңательный зачин.

**Annotation:** This article talks about the artistic functions of the beginning part of the poem in the structure of the lyric work. The rhetorical beginning, question beginning, exclamation beginning and the functions of the beginning part are analyzed on the example of the works of Karakalpak poets.

**Keywords:** lyric work structure, rhetorical beginning, question beginning, exclamation beginning.

Қосықтағы кеширмениң ағымы қосық қатарларында яки улыўма қосықты пүтинлик ҳалында алып қарағанда баслаўға, ен жайыўға, жуўмаққа ийе екенлиғи анықланады. Лирикалық баслаўдың экспозиңиядан парқы сонда «лирикалық баслаў әдетте шайыр ушын керекли жөнелиске оқыўшыны бағдарлайтуғын эмоңионаллық ғилтти береди» [1:10]. Шығармада баслаў ҳәр түрли көринисте болады, ғейде қосықтың дәслепки қатары, ғейде еки қатарда, ғейде толық бир шуўмақтың өзи баслаў ўазыйпасын атқарыўы мүмкин.

Т.Сәрсенбаевтың «Шайыр кетип баратыр, әне...» қосығында баслаў оның оқыўшыға мүрәжәти тийкарында берилген.

Жарылайын алдыңда бир пәс,
Қулағың сал, оқыўшым және,
Дәўиринен болған шала мәс,
Шайыр кетип баратыр, әне!.. [2:72]

Жети шуўмақтан ибарат қосықтың композициялық қурылысында баслаў менен жуўмақ дәслепки бәнттиң өзинде-ақ жәмлеп берилген. Қалган алты шуўмақта *«шайырдың өз дәўиринен қалайынша мәс болғаны»* избе-из таратып, ен жайдырылып сүўретленеди. Баслаў ҳәм жуўмақты булайынша бир қатарда бериў жақсы изленис, деген менен айырым шайырлар дөретиўшилигинде көп сөзлилик орын алып, бир-еки шуўмақта айтылатугын пикирди шубалтып бериў ҳалатлары да көплеп ушырайды.

Образлы сүўретлеўлер де қаратпа-баслаўлар сыпатында қосық композициясында қатнасады. Мәселен:

...Қабыл еткил, жети қат Аспан!
Мениң зилдей кеўлимди көтер [3:23]

Қаратпа-баслаўлар соның менен бирге лирикалық қаҳарманның өзине мүрәжәти түринде де қолланылады:

Ўаҳ.., мен! Отыз бәҳәр өмирим лаўлап,
парықсыз жаныпты әзийз күнлерим.
Аспаннан шашыраған буршақтай саўлап –
отыз қыс төгилдим... енди, билмедим.
және қанша бәҳәр лаўлар өмирим?!
және қанша қыстың исрафылы бар?!
«ошақ басы» атлы тордың-темирдиң,
руўҳымды бәнтлеген қанша қулпы бар?!
Усы тар қәпеске отыз биринши,
мәўсимниң шынжыры кепсерленеди...
Кимдидур сагындым, излеп өмиримше,
Ол – сен едиң... [3:36]

Қосықта баслаў биринши қатарда берилгени менен, толық сол қатардың өзинде емес, ал, «Ўаҳ.., мен!» деген өзине басқаларды қаратыў мақсетинде берилген қаратпасында сәўлеленген. Усы баслаў-қаратпа қосықтың семиотикалық орайына айланган. Онда қосықтың кейинги қатарларында келтирилген лирикалық қаҳарманның өкиниши, дәрти жәмленген. Лирикалық қаҳарманның пүткил өткен өмирин сараплап шыгып, жуўмақ шыгарыўында усы баслаў-қаратпаның әҳмийети үлкен.

Қосықтагы бас ҳәриплердиң қолланылыўына қарап та ондагы пикир ҳәм кеширмениң агымын белгилеўге болады. Биринши баслаў-қаратпадан кейин келген «Отыз бәҳәр өмирим лаўлап, парықсыз жаныпты әзийз күнлерим» пикирлер толық емес еки қатарда берилген. Бунда баслаўдағы лирикалық қаҳарманның ышқынып айтқан «Ўаҳ, мен!» қаратпасын түсиндириўши бөлек болганы ушын да екинши қатарга өтсе де шайыр оны бас ҳәрип пенен жазбаган. Оннан кейинги бас ҳәрип үшинши қатардың басында берилген ҳәм буннан кейинги бес қатарда қатар соңы бас ҳәрипти талап ететугын ноқат, сораў, үндеў, үтир *(қосық қатарларға бөлингенде үтирден кейин де екинши қатар бас ҳәрип пенен жазылыўы лирикада қәлиплескен норма – Т.Г.)* сыяқлы иркилис белгилери менен тамамланыўына қарамастан қатарлар киши ҳәрип пенен басланады. Буны шайырдың жазыў

қағыйдаларына итибарсызлығы сыпатында емес, ал, керисинше, лирикалық композиция дүзиўдеги изленисиниң жемиси деп баҳалаўға болады. Себеби, киши ҳәрип пенен берилген, бир бас ҳәрипке ийе алты қатарда, бир композициялық бөлекте дәслепки еки қатардағы кириспе сыпатындағы лирикалық қаҳарманның не ушын қайғыға түсиўине себеп болған жағдайдың тийкары ашылады. Баслаўдан тысқарыдағы *(Қосықта улыўма алты бас ҳәрип бар. Оның биреўи баслаў бөлиминде – Т.Г.)* үшинши бас ҳәрипли бөлек еки қатардан турады ҳәм онда баслаўдағы ой-пикирди түсиндириўши, ен жайдырыўшы бөлекке жуўмақ жасаўшы сыпатында берилген. Ең соңғы бас ҳәрип пенен басланған еки қатарда жуўмақлаўшы пикир орын алған. Лирикалық қаҳарманның усы бөлекте еки бас ҳәрипти қолланыўы усы бөлекте айтылған пикирдиң лирикалық қаҳарман ушын әҳмийетли екенлигин билдириў ушын берилгенлиги шайырдың лирикалык косык композициясын дүзиўдеги шеберлиги болып табылады.

Миллий лирикада дәстүрий үлгидеги төрт қатарлы бәнттен ибарат қатарларға бөлинген ой-пикир ҳәмме ўақыт бас ҳәриплер менен берилип келеди. Деген менен, соңғы жыллары көпшилик шайырлар ой-пикирди қосық қатарларында жайластырыўда жоқарыдағы қосықтағы сыяқлы жаңалықларды енгизбекте. Бир қарағанда, қосықтың әдеттеги нызамлылығы бузылған сыяқлы болып түйилсе де, бундай усылда ой-пикирди жеткерип бериўде логикалық (себеп-нәтийжелилик) байланыстың барлығын аңлаўға болады.

Баслаў бөлими риторикалық сыпаттағы қаратпалар менен берилген косыклар композициясында, әдетте, жуўмак та риторика менен, ал, теманың ен жайыўы да көтериңкилик пенен, лирикалық қаҳарманның әлемге, өзине, басқаларға мүрәжәтлери менен толып-тасқан яки жуўапсыз сораўлар дизгининен ибарат болады. Ал, бул қосықта, керисинше, жуўмақ мазмундағы кескин бурылыс пенен, қосықтың ырғағындағы интонацияның да пәсейиўи менен бериледи. *«және қанша бәҳәр лаўлар өмирим?!, және қанша қыстың исрафылы бар?!»* деп жәҳәнге даўырық салыўы бирден *«Кимдидур сағындым, излеп өмиримше, Ол – сен едиң...»* деген лирикалық қаҳарманның өмириниң мазмуны ҳәм жүрегиниң түпкиринде сақланып атырған ең жағымлы «арзыў»ына дыққатын қаратыўы менен қосықтың да интонациясы пәсейеди. Себеби, усы әрманға жетиў, ҳәттеки, оны мәзи еслеўдиң өзи лирикалык каҳарманның аласапыран кеўлин тынышландырады.

Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында баслаў-қаратпалар менен бир қатарда, баслаў-сораўлар да ушырасады. Мысалы:

Бабалардан не қалды бизге,
Жайдарылық ҳәм кек қайрағы.
Желбирейди кеўлимизде,
Әлўан түсли үмит байрағы [4:104].

Қосық төрт шуўмақтан ибарат. Бирақ онда берилген баслаўдағы сораў мазмунындағы пикир қалған бәнтлерде избе-из сүўретлениў арқалы жеткерилген. Үш бөлимли ой-пикирдиң екинши бөлеги жуўмақлаўшы

бөлектиң ишине енисип кеткен. Нәтийжеде, жуўмақлаўшы бөлек пенен түсиндириўши бөлек бирғеликте берилген.

Баслаў бөлиминиң риторикалық каратпалар тийкарында берилиўи қарақалпақ жазба әдебиятының пайда болыў дәреклериниң бири болған халық қосықларына барып тақалады. Олардың неғизги бөлеги төрт қатарлы бәнтлер ҳәм төртликлерден ибарат болғанлығы себепли, төртликлерге тән турақлы композициялық усыллар қарақалпақ әдебиятында ертеден-ақ қәлиплести.

Ғейде баслаў қосықтың атамасы сыпатында да келеди. Атама сөз яки сөз дизбеги сыпатында да яки қосық қатары сыпатында да болыўы мүмкин. Қосық атамасының тәсирли болыўы шайырдың изленисиниң жемиси. Ж.Избасқановтың «Ығбал қусы» [5:15] қосығында атама сөз дизбегинен ибарат. Ығбал кусы инсанның – өмирден излеген мазмуны. Ҳәр ким өмирдиң мазмунын ҳәр түрли түсинеди. Қосықта «ығбал қусы» деген сөз дизбеги ҳеш жерде қолланылмайды. Бирақ қосықта айтылажақ пикирдиң баслаўы атамада берилген. Ал, қосықтың дәслепки қатарынан баслап усы атама-баслаўдағы мәни лирикалық қаҳарманның ғүйзелислери менен қосықтың мазмунында ашылып бара береди. Лирикалық қаҳарман өмирден излеген бахты әрманға айланғанын, жүзеге аспағанын атаманы оқыў арқалы бирден билип алмасақ та, ғәптиң улыўма не ҳаққында баратуғынын шамалаймыз. Атама-баслаўдың бул хызмети тек дәслепки қатарда сүўретленетуғын баслаў менен бирдей. Қосық атамасының баслаў хызметин атқарыўы қарақалпақ лирикасында көплеп ушыратыўға болады.

Еғер баслаў қосықтың биринши қатарында берилсе, қосықты оқып баслаўдан-ақ, онда не ҳаққында сөз болатуғынын билмесек те, дәслепки қатардағы баслаўдың себебинен адамда бағдарланыў болады:

Өмир – ески узарған ғүзар.
Ғалма-ғаллық базары қызар,
Өртеп базда аҳыў-зар,
Дағлар қалар екен дүньяда.
... Бүлбил турып ғүл шақасына
Зағлар қонар екен дүньяда.
Бийдәрт солар екен дүньяда... [5:12].

Қосықта баслаў дәслепки қатарда берилген. Онда кейинги қатарларда сүўретленежақ болған өмирдиң ғалма-ғаллығы, алданыў, өкиниш сыяқлы туйғыларды оятыўшы ойларға баслаўдағы «өмирдиң ески узарған ғүзар» екенлиги ҳаққындағы пикир сиғнал сыпатында ишара береди, оқыўшыны кейинги ой-жуўмақларына таярлайды. Ең соңғы бир қатардағы жуўмақ өмирдеги алдаўлардың, пәнт бериўшилердиң образын сәўлелендирген ғалма-ғаллық базары, өртеў, дағ, зәҳәр, зағ метафоралары арқалы жеткерилген пикир ағымын «бийдәрт» сөзи менен улыўмаластырып берип, пикирде кескин бурылыс пайда етеди.

**Әдебиятлар:**

1. Холшевников В.Е. Анализ композиции лирического стихотворения // Анализ одного стихотворения. – Л.: Изд. Ленинградского Университета. 1985.
2. Сәрсенбаев Т. Таңырқант. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.
3. Генжемуратов Б. Оқ қадалган ай. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1997.
4. Дәўлетаназаров Х. Хош қал, жаслыгым... – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.
5. Избасқанов Ж. Сагыныш паслы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009.
6. TLEUNIYAZOVA G. B. COMPOSITIONAL FUNCTIONS OF PARALLELISMS //THEORETICAL & APPLIED SCIENCE Учредители: Теоретическая и прикладная наука. – 2021. – №. 11. – С. 89-91.
7. Bayniyazovna T. G. The importance of name in compositions of the lyrical works //European science review. – 2016. – №. 5-6. – С. 216-218.
8. Tleuniyazova G. B. Compositional features of lyrical works in Karakalpak literature //ISJ Theoretical & Applied Science, 11 (91). – 2020. – С. 427-432.
9. Tleuniyazova G. B. КОМПОЗИЦИОННЫЕ ОСОБЕННОСТИ ЛИРИЧЕСКИХ ПРОИЗВЕДЕНИЙ В КАРАКАЛПАКСКОЙ ЛИТЕРАТУРЕ //Theoretical & Applied Science. – 2020. – №. 11. – С. 427-432.

